



Re-ouvri New York

Direktiv sou Byen Imobilye pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite byen imobilye nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz II a, ansanm ak aktivite byen imobilye nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Gade Konsèy Pwovizwa COVID-19 sou Byen Imobilye pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout antite administrasyon pwopriyete rezidansyèl, vandè/koutye byen imobilye, enspektè batiman, evalyatè batiman ak konpayi/operatè ki gen rapò yo ak ta dwe rete ajou ak nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sektè byen imobilye a epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire prezans total mendèv sa (egz: vandè, travayè, sou-kontraktè ak founisè) ak kliyan yo limite ak 50% kapasite maksimòm pou okipe a pou yon zòn patikilye jan sètifika okipasyon an etabli sa. ✓ Yon distans omwen 6 pye dwe kenbe pami tout moun epi toutan, amwenske sekirite aktivite debaz yo mande yon distans ki pi kout (egz: netwayaj, antretyen, mezi pou evalyasyon, enspeksyon inite). ✓ Nenpòt vandè, travayè, sou-kontraktè ak founisè dwe rete nan distans 6 pye youn ak lòt, kouvèti vizaj akseptab dwe itilize pou asire ke bouch ak nen yo kouvri. Moun yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt moun vin prezante a mwens pase 6 pye sanzatann. ✓ Limite rasanbleman an pèsòn ki pa esansyèl yo otan sa posib. ✓ Limite itilizasyon kachnen an twal, jetab, oswa kachnen ki fèt lakay pou aktivite nan espas travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. ✓ Modifye zòn pou chita yo (nan espas anplennè komen yo tankou teras ak lakou) pou asire ke moun yo (egz: travayè ak/oswa rezidan yo) nan omwen 6 pye distans nan tout direksyon yo (egz: kòt a kòt ak lè yo anfas lòt). ✓ Zòn komen ki pa esansyèl yo (egz: sal jwèt yo) dwe rete fèmen. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Raple rezidan yo ak kliyan yo pou mete kouvèti vizaj nan espas pataje yo (egz: koulwa ale, asansè, inite apatman) lè minimòm 6 pye distans lan pa posib. ✓ Limite/modifye kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou travayè yo gen yon distans omwen 6 pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas travay yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. ✓ Pèmèt itilizasyon eskalye pou anpeche rasanbleman nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo. ✓ Konsidere itilize baryè fizik yo (egz. rido an bann, mi kibik, pleksiglas) an akò ak direktiv OSHA yo. ✓ Konsidere fèmti nenpòt zòn pou chita ki pa anndan oswa anplennè. ✓ Entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas (egz: asansè, sal ekip yo), sòf si tout moun itilize kouvèti vizaj akseptab. ✓ Diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon nan itilize riban oswa pano ak flèch nan ale ki jis, koulwa oswa espas yo, epi mete pano ak makè distans ki endike distans 6 pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz: antre asansè, eskalye woulant, ale, pòs pou notifiye antre/sòti, estasyon depistaj sante, etc.) ✓ Itilize lòt metòd tankou videyo oswa telekonferans nenpòt lè sa posib, dapre direktiv CDC "Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Anplwayè pou Planifye ak Reponn ak Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)".

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York

Direktiv sou Byen Imobilye pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite byen imobilye nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz II a, ansanm ak aktivite byen imobilye nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Gade Konsèy Pwovizwa COVID-19 sou Byen Imobilye pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout antite administrasyon pwopriyete rezidansyèl, vandè/koutye byen imobilye, enspektè batiman, evalyatè batiman ak konpayi/operatè ki gen rapò yo ak ta dwe rete ajou ak nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sektè byen imobilye a epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.



	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli pratik pou kenbe distans sosyal apwopriye nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, ak siyalizasyon ak sistèm (egz. siyale lè li okipe) pou limite kantite moun ki ladan lè distans sosyal la pa ka respekte nan espas sa yo. ✓ Redui kontak entèpèsònèl ak rasanbleman gras ak plizyè metòd (egz. ajiste lè nan espas travay, limite prezans an pèsòn pou pèsònèl ki nesèsè, planifye gwoup travay, redui mendèv sou sit la, repati orè yo, segmante ak regwoupe aktivite yo). ✓ Etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak fè livrezon, avèk mwens kontak posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, fè yon reyinyon nan espas ouvri, ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe 6 pye distans sosyal ant youn ak lòt (egz: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène). ✓ Repati orè travayè yo pou obsève distans sosyal (egz: 6 pye distans) pou nenpòt rasanbleman (egz: poz kafe, repa ak kòmansman/fen gwoup travay). ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl sou sit la. ✓ Limite entèraksyon sou sit (egz: deziyen yon sòti pou moun kite gwoup travay yo ak antre apa pou moun k ap kòmanse gwoup travay yo) ak mouvman yo (egz: travayè yo dwe rete toupre pòs travay yo osi souvan posib).
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwayè yo dwe bay travayè/kontraktè yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman. ✓ Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foulà), mask chirijikal yo ak mask pwoteksyon vizaj yo. ✓ Netwaye, ranplase ak entèdi pataj pwoteksyon figi. Tanpri konsilte direktiv Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) a pou enfòmasyon anplis sou kouvèti pou figi yo ak lòt tip ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj yo. ✓ Fòm travayè yo sou fason pou mete, retire, netwaye (jan sa aplikab) epi jete PPE (fòmasyon yo dwe etann ak kontraktè yo si responsab/mèt bilding yo bay kontraktè yo PPE). ✓ Konseye travayè ak vizitè yo pou mete kouvèti vizaj nan espas komen yo ki gen ladan asansè, ale ak lè y ap deplase alantou biwo a. 	

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York

Direktiv sou Byen Imobilye pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite byen imobilye nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz II a, ansanm ak aktivite byen imobilye nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Gade Konsèy Pwovizwa COVID-19 sou Byen Imobilye pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout antite administrasyon pwopriyete rezidansyèl, vandè/koutye byen imobilye, enspektè batiman, evalyatè batiman ak konpayi/operatè ki gen rapò yo ak ta dwe rete ajou ak nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sektè byen imobilye a epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.



	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ekipman Pwoteksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Limite pataj objè, tankou zouti, laptop, kaye, telefòn, ekran taktil ak zouti pou ekri ansanm ak touche sifas moun pataje; oswa, egzije travayè yo mete gan lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo fè ijyèn men yo anvan e apre kontak. 	
Vizit Pwopriyete Rezidansyèl An Pèsòn ak Aktivite ki Gen Rapò	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Vizit yo sèlman otorize pou pwopriyete ki pa okipe oswa ki vid (egz. pwopriyete oswa lokatè aktyèl oswa la pa nan pwopriyete a). ✓ Tout moun k ap vizite pwopriyete a ap gen obligasyon pou mete kouvèti vizaj toutan. ✓ Ranplase oswa netwaye ak dezenfekte gan yo apre vizit la (jan sa aplikab). ✓ Netwaye ak dezenfekte sifas moun manyen souvan (egz: ranp pou men, manch pòt, etc.) anvan oswa apre chak vizit. ✓ Repati vizit yo pou evite rasanbleman moun andeyò ak anndan pwopriyete yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Gan ak kouvèti soulye yo rekòmande anplis de kouvèti vizaj yo. ✓ Bay kouvèti vizaj ak gan pou lokatè ak/oswa achtè potansyèl yo, si nesèsè. ✓ Vandè/lokatè a konseye pou ouvri tout pòt ak kabinè nesèsè yo ansanm ak limen bouton limyè yo pou asire touch minimal sifas pati andeyò yo. ✓ Konseye lokatè/achtè pou sèlman touche sifas esansyèl yo (egz: ranp pou men pou monte ak desann eskalye si nesèsè) pandan lè nan pwopriyete a. ✓ Limite vizit ekipman bilding komen yo an pèsòn (egz: sal espò, teras sou do kay, pisin). ✓ Ankouraje sèlman yon pati (egz: enspektè bilding, evalyatè kay, lokatè/achtè potansyèl, fotograf, òganizatè). Si gen plis pase yon pati anndan pwopriyete a an menm tan, 6 pye distans lan dwe kenbe toutan ant moun yo epi kouvèti vizaj yo dwe itilize. ✓ Lokatè/vandè potansyèl ankouraje pou pa mennen timoun nan vizit pwopriyete yo, lè sa posib, oswa kite timoun yo deyo. ✓ Mete restriksyon sou vandè/koutye pou pa kondui nan menm machin avèk lokatè/vandè. Si sa pa ka evite, tout moun nan veyikil la dwe mete kouvèti vizaj epi pati ki souvan touche yo dwe netwaye ak dezenfekte. ✓ Reyalize vizit a distans olye de vizit an pèsòn (egz. videyo anrejistre/an dirèk).

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York

Direktiv sou Byen Imobilye pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite byen imobilye nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz II a, ansanm ak aktivite byen imobilye nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Gade Konsèy Pwovizwa COVID-19 sou Byen Imobilye pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout antite administrasyon pwopriyete rezidansyèl, vandè/koutye byen imobilye, enspektè batiman, evalyatè batiman ak konpayi/operatè ki gen rapò yo ak ta dwe rete ajou ak nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sektè byen imobilye a epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo. ✓ Bay ak kenbe estasyon ijyèn men nan biwo, ansanm ak lave men ak savon, dlo cho k ap koule, ak papyè jetab, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. ✓ Bay founiti pou netwaye ak dezenfekte apwopriye epi ankouraje patisipan yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo avan ak apre itilizasyon sifas plizyè moun manyen ak sa moun manyen souvan, epi pou yo pratike ijyèn men apre sa. ✓ Asire ke ekipman ak zouti sa netwaye ak dezenfekte souvan nan itilize dezenfektan anrejistre, ki gen ladan omwen osi souvan travayè yo chanje pòs travay oswa ale nan yon nouvo kategori zouti. ✓ Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj/dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje pèsònèl yo itilize materyèl sa yo selon enstriksyon fabrikasyon an avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men. ✓ Fè netwayaj ak dezenfeksyon sit la regilyèman epi fè netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou espas ki gen gwo risk kote plizyè moun itilize ak sifas moun touche souvan yo. ✓ Netwayaj ak dezenfeksyon rijid dwe fèt omwen apre chak gwoup travay, chak jou oswa souvan jan sa nesèsè. ✓ Asire règ distans yo respekte nan twalèt yo nan redui kapasite kote sa posib. ✓ Netwaye ak dezenfekte regilyèman lokal oswa etablisman ak reyalize netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou zòn ki gen gwo risk ke anpil moun itilize (egz. twalèt) ak pou sifas moun touche souvan. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire vandè byen imobilye bay dezenfektan men pou kliyan potansyèl anvan ak apre vizit sou pwopriyete a. ✓ Enstale distribitè dezenfektan pou men ki san kontak nan zòn yo touche souvan ki gen ladan antre ak sòti.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York

Direktiv sou Byen Imobilye pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite byen imobilye nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz II a, ansanm ak aktivite byen imobilye nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Gade Konsèy Pwovizwa COVID-19 sou Byen Imobilye pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout antite administrasyon pwopriyete rezidansyèl, vandè/koutye byen imobilye, enspektè batiman, evalyatè batiman ak konpayi/operatè ki gen rapò yo ak ta dwe rete ajou ak nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sektè byen imobilye a epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.



	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Netwaye ak dezenfekte zòn ki ekspozè yo nan ka yon moun konfime ak COVID-19, kote netwayaj ak dezenfeksyon sa yo gen ladan, omwen, tout zòn moun pase souvan ak sifas moun touche anpil (egz: asansè, ale, antre bilding, eskanè badj, ranp men nan twalèt, manch pòt), nan itilize pwodui Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (EPA) idantifye kòm efikas kont COVID-19. ✓ Si gen travayè malad ki itilize espas bilding pataje a, fèmen espas pataje sa yo (egz: asansè, ale, antre) epi dezenfekte. ✓ Entèdi itilizasyon kafetyè oswa lòt pwodui alimantè ak bwason pataje ke yo bay rezidan ak/oswa travayè yo. ✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa estil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas po travayè pou pratike distans sosyal pandan repa yo. 	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w ap aplike yo. ✓ Afiche siyalizasyon anndan tankou deyò tout biwo a pou raple responsab ak kliyan pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon. ✓ Elabore yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak menm metòd yo pou bay moun yo enfòmasyon. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kreye paj entènèt, tèks ak gwoup imèl ak kanpay sou rezo sosyal pou bay enfòmasyon ajou bay travayè, kliyan ak vizitè ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, siyalizasyon ak enfòmasyon. ✓ Ankouraje moun yo pou respekte CDC ak enstriksyon sante eta ak lokal la pou itilizasyon PPE yo, espesyalman kouvèti vizaj, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon. ✓ Mete siyalizasyon anndan ak deyò batiman an pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York

Direktiv sou Byen Imobilye pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou tout aktivite byen imobilye nan rejyon New York ke yo te otorize pou [re-ouvri](#) nan Faz II a, ansanm ak aktivite byen imobilye nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm esansyèl. Gade Konsèy Pwovizwa COVID-19 sou Byen Imobilye pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout antite administrasyon pwopriyete rezidansyèl, vandè/koutye byen imobilye, enspektè batiman, evalyatè batiman ak konpayi/operatè ki gen rapò yo ak ta dwe rete ajou ak nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sektè byen imobilye a epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Kominikasyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit lè yon anplwaye mete yo okouran sou yon rezilta tès COVID-19 pozitif. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay si yo tonbe malad nan travay la. ✓ Kreye evalyasyon depistaj sante obligatwa (eg. kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo k ap poze kesyon konsènan (1) sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere oswa kontak pwòch ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo. ✓ Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan espas la epi yo ta dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante yo pou evalyasyon ak tès. ✓ Enfòmè depatman sante eta ak lokal yo touswit sou ka ki konfime pozitif yo epi bay moun yo enfòmasyon sou resous pou swen sante ak tès yo. ✓ Gen yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif. ✓ Revize tout repons ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon anrejistremant revizyon sa yo. Idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo pou ka enfòmè si pita yo vin gen sentom ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Ankouraje rezidan yo pataje si yo te teste pozitif pou COVID-19 ak/oswa gen sentòm. Si teste pozitif oswa gen sentom, pwopriyete/mèt byen imobilye a dwe kòmanse pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Pou vizit sou pwopriyete yo, egzije achtè/lokatè/vandè/moun k ap lwe lòt pou fini kesyonè depistaj anvan li antre. ✓ Egzije achtè/lokatè/vandè/moun k ap lwe lòt pou devwale si li gen sentòm ak/oswa te teste pozitif pou COVID-19 nan 48 èdtan apre dènye vizit la ✓ Konsidere verifye tanperati chak jou dapre direktiv Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Travay oswa DOH. ✓ Ale li konsèy CDC a sou "Sentom Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) pou enfòmasyon ki pi resan sou sentom ki asosye ak COVID-19 la. ✓ Kenbe yon rejis tout moun, sa gen ladan travayè ak vizitè, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan espas oswa zòn travay la yon fason pou yo kapab idantifye, retrace epi mete okouran tout kontak yo, nan ka yon travayè ta dyagnostike avèk COVID-19. ✓ Se moun ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH ak OSHA yo ki dwe fòme moun k ap fè depistaj yo epi yo dwe mete ekipman pwoteksyon (PPE) ki apwopriye, ki gen ladan omwen, yon pwoteksyon figi. ✓ Ale li konsèy DOH konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.